



### **Khutbah Idul Fitri 1442 H**

السَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللَّهِ وَبَرَكَاتُهُ

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ \* اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ \* اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ \* لِإِلَهِ إِلَّا اللَّهُ  
وَاللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ  
الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ \* أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ الْمَلِكُ الْحَقُّ الْمُبِينُ \* وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا  
عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ صَادِقُ الْوَعْدِ الْآمِنِ اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ  
أَمَّا بَعْدُ : فَيَا عِبَادَ اللَّهِ أَوْصِيكُمْ وَآيَايَ بِتَقْوَى اللَّهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ قَالَ اللَّهُ تَعَالَى أَعُوذُ بِاللَّهِ  
مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا  
وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

Hadirin jamaah Shalat Ied ingkang minulyo....

Monggo wonten ing kesempatan ingkang sanget minulyo meniko, kito sami tansah ngunju'aken raos syukur wonten ngarsane Allah SWT, ingkang punopo panjenenganipun sampun paring kanikmatan lan kanugrahan ingkang ageng sanget dateng kito sami, utaminipun kito saget nglampahi ibadah shiyam Romadlan ngantos paripurno, lan mugu-mugu kemawon dipun tampi kaliyan Allah lan saget dados wasilah kito termasuk **MUTTAQIIN**.

Alhamdulillah, wonten ing wekdal ingkang barokah meniko, kita ugi saget kepanggih lan nglaksanak'aken Shalat Idul Fitri 1442 H, senaoso taksih wonten ing kahanan pandemi Covid-19, ingkang ngantos sakmeniko dereng ical saking Nusantoro, termasuk Dunia. Monggo kito tetep sabar lan tetep nderek tindak lampahipun poro ulama lan kanjeng nabi Muhammad SAW. Ugi tetep ningkataken Taqwa kito dateng ngarsane Allah SWT.

Shalawat lan salam ta'dzim, mugio tansah konjuk dateng junjungan kito nabi Agung Muhammad SAW, lan mugio kito sedoyo tansah pinaringan hidayah soho inayah, sahinggo tansah saget nderek'aken sedoyo tuntunanipun, dipun akeni dados umatipun lan akhire benjang wonten yaumul qiyamah tansah pinaringan **Syafaatul 'udzma' min Rosulillah SAW**....Aamiin Ya robbal 'alamiin.

الله أكبر الله أكبر الله أكبر والله الحمد

Hadiriin Jamaah Shalat Ied Rohimakumullah....

Kito ngraos syukur lan bingah sanget, mahargyo dinten riyadin Idul Fitri 1442 H puniko, jalaran jejabahan utawi wadlifah arupi shiyam ing wulan Romadlan ingkang saestu awrat, ugi amal ibadah sanesipun sampun katindak'aken kanthi sampurno. Allah SWT dawuh

قَدْ أَفْلَحَ مَنْ تَزَكَّى \* وَذَكَرَ اسْمَ رَبِّهِ فَصَلَّى

*Ingkangertosipun kirang langkung :” saestu bejo tiyang ingkang mbersihaken dirinipun (kanthi zakat Fitrah), lan nyebat asmonipun Allah (kanthi Takbir) lan ugi nglampahi Shalat (Idul Fitri). (QS Al A’la 14-15).*

Mugi2 Allah SWT nampi ibadah Shalat, Shiyam, Shalat tarawih, Tadarrus Al-Qur’an, Shadaqoh, zakat fitrah, ugi sedoyo amal ibada kito, lan mugi2 Allah taksih paring kesempatan saget panggih malih kaliyan wulan Romadlan wonten ing tahun ngajeng. Aamiin.

الله أكبر الله أكبر الله أكبر والله الحمد

Hadirin Jamaah Shalat Ied ingkang minulyo....

Idul Fitri wonten ing tahun meniko, kahananipun mboten benten kaliyan Idul Fitri tahun kepengker, inggih puniko Allah SWT taksih nguji dumateng kulo lan panjenengan sedoyo kanthi Wabah utawi pandemi Covid-19, bahkan mungkin langkung parah. Sampun kathah sanget sederek, rencang utawi tanggi kito ingkang dados korban Covid-19, nopo meniko arupi sakit utawi sedo. Saking meniko, kito kedah tetep nderek'aken nopo ingkang sampun dipun Putusaken kaliyan Pemerintah, utawi nopo ingkang sampun dipun dawuhaken kaliyan poro Ulama’, utamanipun saking jajaran Nahdlatul Ulama’, terkait ikhtiyar ngirangi lan ngicali penyebaran ugi penularan Covid-19 meniko. Termasuk inggih meniko tetep menerapkan Protokol kesehatan kanthi 5 M, fa insyaa Allah bi idznillah wa bi aunillah sedoyo saget teratasi. Lan sampun ngantos kesupen, ikhtiyar secara bathiniyah arupi Istighotsah, Qunut Nazilah, amalan-amalan saking syalafunassholih, utawi dzikir nyuwun dateng Allah, tetep kita istiqomahaken, bahkan kedah kito tingkat'aken. Aamiin ya Robbal ‘alamiin.

Kathah negari ingkang sampun maju ingkang ugi kenging Pandemi meniko, lan dereng saget ngatasi musibah meniko. Mboten sekedik tenaga Kesehatan / medis ingkang dados korbanipun, termasuk kathah sanget **Habaib lan masyayikh NU** ingkang sedo lantaran Covid meniko, bahkan sekolah/madrasah ngantos sakmeniko dereng saget melaksanakan pembelajaran Tatap Muka, sedoyo dereng saget mlampah

kanthi Normal. Sedoyo meniko nedahaken bilih keagunganipun Allah swt mboten saget dipun tandingi kaliyan sinten kemawon lan nopo nawon.

الله أكبر الله أكبر الله أكبر والله الحمد

### **Hadirin Rohimakumullah**

Meskipun kondisi mekaten, sampun ngantos ngirangi hikmahipun Idul Fitri, riyadin Idul Fitri tetep saget kita manfaatkan kagem saling memaafkan, saling silaturrahim, senaose mboten secara langsung, ananging secara Virtual, arupi Telpon, SMS utawi WA, khsususipun kagem daerah-daerah ingkang dipun tetepaken kaliyan pemerintah minongko daerah ingkang mbahayani. Silaturrahiim utawi anjang sana dateng sederek, poro sesepuh, poro guru secara langsung meniko penting....mushofahah (salaman) saling memaafkan meniko penting....reuni meniko penting lan manfaat, ananging njagi keselamatan lan kesehatan meniko langkung penting. Kito kedah dados tiyang muslim cerdas kanthi ngestuaken dawuh

*تقديم الأهم ثم الأهم*, artosipun ndinginaken perkawis ingkang sanget penting, nuli nglampahi perkawis ingkang ugi sangat penting. Hifdzun Nafs, menjaga jiwa (keselamatan dan kesehatan) meniko perlu dipun utamakan tinimbang lintunipun, kados reuni utawi acara lintunipun. Insyaa Allah wonten kondisi ingkang ngaten meniko, sedoyo saget mema'lumi. Menawi kondisi sampun normal, insyaa Allah silaturrahiim secara langsung, salaman, kempal-kempal kalih poro sederek saget dipun tindak'aken malih, kados sakdereng–derengipun.

الله أكبر الله أكبر الله أكبر والله الحمد

### **Hadirin jamaah sholat Id ingkang minulyo**

Monggo kesempatan ingkang sae, wekdal ingkang minulyo meniko, kito manfaataken kanthi sae lan maksimal, kagem nglampahi sedoyo kesaenan secara pribadi, ugi kesaenan secara Sosial. Mugi–mugi kito ugi saget membantu Program Pemerintah mengatasi pandemi Covid-19 meniko...kito dukung supados sukses. Kito ugi perlu tetep mewujudkan al Ittihad wal wahdah, persatuan dan kesatuan bangsa Indonsia meniko. Kito wujudaken Ukhuwwah Islamiyyah, Ukhuwwah Basyariyah ugi Ukhuwwah Wathoniyah. Kito ugi kedah sami njagi Negero Indonesia meniko saking sedoyo ancaman, sebab NKRI meniko sampun harga Mati. Fa Insyaa Allah menawi Indonesia aman, Pancasila Jaya, Bhineka Tunggal Ika tetep aman, Pandemi Covid-19 ical....cita-cita lan harapan Baldatun Thoyyibatun Wa Robbun Ghofuur saget terwujud. Aamiin ya Robbal 'alamiin.

Kito dungak'aken poro pemimpin ing negari kito meniko, dipun paringi kesehatan, dipun dadosaken Pemimpin ingkang amanah, saget bertindak adil, saget melaksanakan amar ma'ruf nahi munkar. Negari meniko dipun tebihaken saking sedoyo musibah. Masyarakatipun dipun dadosaken masyarakat ingkang Sholih sholihah. Ingkang nandang gerah, mugi enggal pinaringat sehat, dipun paringi

tuma'ninah lan ikhlas anggenipun ibadah, sakwanci-wanci katimbangan sowan dateng ngarsani Allah.....pinaringan Husnul Khotimah. Aamiin ya Robbal 'alamiin.

جعلنا الله وإياكم من العائدين والفائزين \* وادخلنا وإياكم في زمرة عباده الصالحين \* وقل رب اغفر وارحم وأنت خير الراحمين

## KHUTBAH KE-2

الله أكبر الله أكبر الله أكبر \* الله أكبر الله أكبر \* الله أكبر كبيراً والحمد لله كثيراً  
\* وسبحان الله بكرة وأصيلاً \* لا اله إلا الله، والله أكبر \* الله أكبر والله الحمد  
الحمد لله المليك الحنان \* أشهد أن لا اله إلا الله الواحد المنان وأشهد أن سيدنا محمداً عبده  
ورسوله الداعي إلى الجنان \* اللهم صلِّ وسلِّم على سيدنا محمد وعلى آله وأصحابه أُولي العرفان  
أما بعد، فيا عباد الله \* أوصيكم ونفسي بتقوى الله وطاعته لعلكم تفلحون \* واعلموا أن يومكم  
هَذَا يَوْمُ الْعِيدِ وَيَوْمُ الْفَرَحِ وَالسُّرُورِ \* قال الله تعالى، أعوذ بالله من الشيطان الرجيم بسم الله الرحمن  
الرحيم : إن الله وملائكته يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا \*  
اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّم عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ \* والحمد لله رب العالمين اللَّهُمَّ  
اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ \* اللَّهُمَّ انصُرْ مَنْ نَصَرَ  
الدِّينَ وَاخْذُلْ مَنْ خَدَلَ الْمُسْلِمِينَ \* وَأَلْفَ بَيْنَ قُلُوبِ الْمُؤْمِنِينَ وَفَرِّجْ عَنِ الْمَكْرُوبِينَ وَأَقْضِ الدَّيْنَ  
عَلَى الْمُدْيُونِينَ \* اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْغَلَاءَ وَالْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالْفَحْشَاءَ وَالْمُنْكَرَ وَالْبَغْيَ وَالسُّيُوفَ  
الْمُخْتَلِفَةَ وَالشَّدَائِدَ وَالْمِحْنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَّنَ مِنْ بَلَدِنَا هَذَا خَاصَّةً وَمِنْ بُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ  
عَامَّةً إِنَّكَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ \* رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ \*

والحمد لله رب العالمين. آمين يارب العالمين

السلام عليكم ورحمة الله وبركاته